



Kisa w ap li?

Chè Nouyòkè,

Depi lè nou te anonse NYC Reads prentan pase a, m ap reflechi anpil sou bati yon kilti lekti nan lekòl nou yo ak nan tout senk boroughs yo. Kòman pou nou fè alfabetizasyon (literacy) vin yon efò kolektif nan tout vil la?

Repons lan, mwen kwè se pou angaje otan fanmi ak manm kominote . Kidonk mwa pase, nou [te òganize yon evalyasyon](#) *The Right to Read* ansanm ak asosye nou yo , yon dokiman tè ki chaje ak emosyon ki souliye gwo pwoblèm literacy nasyonal la, avèk asosye nou yo nan NAACP. Apresa, plizyè elèv ak lide literacy, tankou Chanselye adjwen nou Carlyne Quintana, te parèt nan fim lan nan yon komite diskisyon ki angaje.

Nou te [selebre tou Jounen mondyal lekti awotvwa\(World Read Aloud Day\)](#), kote Majistra Adams ak mwenmenm, ansanm ak apeprè 40 lektè nan lidèchip NYCPS ak òganizasyon asosye , te li plis pase 1200 elèv soti nan klas 3-K rive klas 5yèm ane. Mwen te renmen anpatikilye rankontre elèv yo ak pwofèsè yo nan PS 123 nan Harlem, kote mwen te li *I Am Golden*, ke Eva Chen ekri.

Pou ankouraje fanmi pratike kapasite lekti lakay, nou asosye avèk PBS pou kreye plizyè douzèn ti videyo kout ki montre edikatè NYCPS k ap prezante estrateji lekti syans, tankou kòman pou melanje son lèt yo. Paran, mwen ankouraje w tcheke [videyo sa yo](#)—epoi si w vle avanse pi lwen, enskri pou vin yon [anbasadè responsab](#) nan kominote lekòl ou a. Nou deja gen 1200 paran k ap patisipe! Kòm yon anbasadè, ou pral aprann eleman debaz syans lekti atravè trening vityèl ki fèt nan plizyè lang. Kowòdonatè paran ak lòt estaf ki ankontak ak fanmi ka [enskri](#) tou.

Epi finalman, byento n ap genyen: Lokal santral NYC Reads! Lokal santral sa yo ap nan biznis katye ki nan distri 5, 6, 12, ak 23 pou bay fanmi lòt aksè nan liv ak nan aktivite literacy.

Fanmi ak estaf, mwen vle kite w avèk yon ide senp men ki pisan pou ankouraje yon kilti lekti nan tout vil nou an. Pwochè fwa ou di yon zanmi, vwazen, elèv oswa nenpòt Nouyòkè alo, chanje mesaj salitasyon w lan. Pa mande, “Kòman w ye?”

Depreferans, eseye, “Kisa w ap li?”

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Si w bezwen tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl ki pi resan an sou NYCPS.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou a.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).